# МУХЬАРРАМ БАТТАХЬ А, ЦУ БЕТТАН ИТТОЛГІАЧУ (ІАШУРАЪ) ДИЙНАХЬ А МАРХА КХАБАРАН ДОЗАЛЛА

Адама Султана Олхазар

**Мухьаррам баттахь марха кхабаран дозалла**

Имам Муслима а, кхечара а дийцина, Абу ХIурайратера – Дела реза хуьлда цунна – схьа, Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Рамадан баттал тIаьхьа уггар деза марха АллахIан бутт мухьаррам (баттахь марха) кхабар ду, парз ламазал тIаьхьа уггар деза ламаз буьйсанна дина ламаз ду».

Имам Муслима а, кхечара а дийцина, Абу ХIурайрас – Дела реза хуьлда цунна – аьлларг: «Делан Элчане хьттинера – «парз ламазал тIаьхьа уггар деза ламаз а муьлхарг ду, рамадан баттал тIаьхьа уггар деза марха а муьлхарг ду?» - аьлла, тIаккха цо жоп делира: «Парз ламазал тIаьхьа уггар деза ламаз буьйсанан юккъахь динарг ду, рамадан баттал тIаьхьа уггар деза марха АллахIан мухьаррам баттахь марха кхабар ду».

Имам Тирмизийс дийцина, СаIд ибн Iалийга – Дела реза хуьлда цунна – цхьамма хьттина хиллера аьлла – «Рамадан баттал тIаьхьа муьлха баттахь марха кхаба эр дара ахь соьга?» - тIаккха цо элира: «ХIара хаттар, со Делан Элча – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – волчахь хиъна Iаш а волуш, цуьнга цхьана стага хоттуш бен кхин цхьамма а хоттуш хезна дац суна. Цо цуьнга элира: «ХIай Делан Элча! Рамадан баттал тIаьхьа муьлха баттахь марха кхаба эр дара ахь соьга?» Цо элира: «Рамаданал тIаьхьа айхьа марха кхобуш хилахь, мухьаррам баттахь кхаба ахь, бакъдолуш иза АллахIан бутт бу хьуна, цу беттан чура цхьана дийнахь Цо цхьана нехан тоба къобал а дина, цхьаболчу кхечеран тоба къобал а до».

**Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхабаран дозалла**

Имам Бухарис а, Имам Муслима а, кхечара а дийцина, Iаббасан кIантера IабдуллахIера – Дела реза хуьлда цаьршинна – схьа, цо аьлларг: «Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Мединате веанчу хенахь, жуьгтий Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхобуш карийра цунна. Цо элира: «ХIара хIун ду (хIунда кхобу аш)?» Цара элира: «ХIара дика де ду, хIара АллахIа Исра́илан кIентий церан мостагIах кIелхьара баьхна де ду, цундела Мусас кхаьбна хIара». ТIаккха цо элира: «Со шул алсам хьакъ долуш ву Мусанаца». ТIаккха цо марха кхебира цу дийнахь, кхечаьрга а кхаба аьлла омру дира».

Имам Бухарис а, Имам Муслима а, кхечара а дийцина, Iаишата – Дела реза хуьлда цунна – аьлларг: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхаба аьллера, тIаккха рамадан бутт парз бинчул тIаьхьа шена луучо кхобура иза, шена ца лууччо ца кхобура».

Имам Бухарис а, Имам Муслима а, кхечара а дийцина, Iаббасан кIантера IабдуллахIера – Дела реза хуьлда цаьршинна – схьа, цо аьлларг: «Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – кхечу деношна тIехь даздеш, дита ца дуьтуш марха кхаба гIерташ гина вац суна, хIокху Iашу́ра́ъ дийнахь а, хIокху рамадан баттахь а санна».

Имам Муслима а, кхечара а дийцина, Iаббасан кIанта IабдуллахIа – Дела реза хуьлда цаьршинна – аьлларг: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхаьбча, цо иза кхаба а аьлча, цуьнга элира: «ХIай Делан Элча! И де жуьгташа а, керстанаша а даз деш де ду». ТIаккха Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: «Дала мукъа

лахь, тIедогIучу шарахь та́су́Iа́ъ а кхобур ду вай». Ткъа и керла шо тIе ца деара, Делан Элча – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дIакхелхинчул тIаьхьа бен».

Имам Муслима дийцина, Делан Элчане – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхабарх лаьцна хаьттича, цо элира аьлла: «ДIадаханчу шеран къинош дIадойъу цо (каффарат ду иза)».

Имам Муслима а, кхечара а дийцинчу хьадисехь Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: «Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхабар – ас дог доху, АллахIа цуьнца цул хьалха хиллачу шеран къинош дIадайъарга».

Оцу хьадисаша вайна гойту, Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхабар суннат хилар а, иза кхабар деза хилар а.

**Мухьаррам беттан масолгIа де ду Iа́шу́ра́ъ?**

Имам Тирмизийс дийцина, Iаббасан кIанта IабдуллахIа – Дела реза хуьлда цаьршинна – аьлларг: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхаба элира, (мухьаррам беттан) иттолгIачу дийнахь».

**Iа́шу́ра́ъ дийнаца цхьаьна кхаба деза денош**

Имам Муслима а, кхечара а дийцина, Iаббасан кIанта IабдуллахIа – Дела реза хуьлда цаьршинна – аьлларг: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхаьбча, цо иза кхаба а аьлча, цуьнга элира: «ХIай Делан Элча! И де жуьгташа а, керстанаша а даз деш де ду». ТIаккха Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: «Дала мукъа лахь, тIедогIучу шарахь та́су́Iа́ъ а кхобур ду вай». Ткъа и керла шо тIе ца деара, Делан Элча – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дIакхелхинчул тIаьхьа бен».

Имам Ахьмада дийцина, Iаббасан кIантера IабдуллахIера – Дела реза хуьлда цаьршинна – схьа, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлларг: «Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхаба аш, жуьгташ кхобучунах тар а ма ло шу – цул хьалха цхьа де кхаба, йа цул тIаьхьа цхьа де кхаба».

Оцу шина хьадисо ма-гайттара, жуьгташа а, керстанаша а марха кхабарх тар ца валархьама, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ша тIедогIучу шарахь иттолгIачу денца цхьаьна иссолгIа де кхобур ду аьлла цхьана хьадисехь, делахь а иза кхабале дIакхелхина иза – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ткъа шолгIачу хьадисехь йа цул хьалхара цхьа де кхаба, йа цул тIаьхьара цхьа де кхаба аьлла цо. Цундела, Iелам-наха аьлла: Iа́шу́ра́ъ дийнахь марха кхабар кхаа даржехь ду:

1 – Iа́шу́ра́ъ ша цхьаъ кхабар.

2 – Iа́шу́ра́ъ а, цуьнца цхьаьна йа хьалхара, йа тIаьхьара цхьа де кхабар.

3 – Iа́шу́ра́ъ а, цуьнца цхьаьна цул хьалахара а, цу тIаьхьара а ши де кхабар.

Нагахь санна цуьнца цхьаьна цхьа марха бен кхобур дацахь, цуьнца цул хьалхарниг кхабар гIолий ду, лаахь тIаьхьарниг кхаба а мегаш ду. Цул хьалхара

а, цул тӀаьхьара а кхабар кхин а дика ду, хӀунда аьлча оцу беттан кхо де кхаьбнарг хир ву иза тӀаккха.[1]

[1] «Фатхьул-Ба́ру́», 6/280, Ибн Хьаджар Ал-Іаскъоланий; «МаджмуІу Фатава ва Росаил Ибн Ал-Іусаймин», 20/18, Ибн Ал-Іусаймин.